


Pwen Fò

- Opòtinite pou abòde kantite enskripsyon yo k ap diminye nan CHS
- Kreye yon lòt lekòl segondè ki totalman enklizif nan Boston.
- Opòtinite pou pilote filyè K-12 nan katye yo
- Elèv yo pral gradye avèk kredi pou inivèsite oswa sètifika pwofesyonèl
- 30 èdtan adisyonèl pou Fòmasyon Pwofesyonèl (PD) pou anplwaye yo
- Plan aprantisaj ki endividalize pou tout elèv yo
- Aliyen ak anpil eleman nan vizyon Sipè-entandan an pou rekonsevwa Lekòl Segonde a.

Opòtinite

- Kreye yon Modèl pou tan aprantisaj pwolonje pou klas 7yèm rive klas 12yèm ane avèk opòtinite estaj ak opòtinite pou kredi pou inivèsite.
- Elèv yo angaje yo nan aprantisaj apre etid segondè pandan yo nan lekòl segondè
- Pwojè pilòt pou doub enskripsyon/kredi
- Etidye enpak ki genyen nan tan adisyonèl pou Fòmasyon Pwofesyonèl (PD), ane lekòl ki long ansanm ak aprantisaj pandan ete lekòl la chwazi a.
- Pwogram [Pilòt Lesley Threshold, My Ways Framework-](#), ak [P-TECH](#)



Pwen Fèb

- Gwoup aplikan an pa enkli manm kominote CHS yo
- Angajman ki limite nan kominote a; eksepsyon: Fanmi Eliot K-8
- Sipò pou ansèyman ESL gras ak parapwofesyonèl pou lang espesifik yo ka pa founi sipò ki nesèsè pou elèv ki nan SEI, SLIFE ak nan Nivo ELD 1-2 a
- Plan an pa abòde fason lekòl la pral reponn ak bezwen elèv ki aktyèlman nan CHS yo ki nan pwogram ki pratikman separe yo.
- Modèl ko-ansèyman ansanm ak orè travay ki fleksib la ka rann li difisil pou asire prezans anplwaye ki sètifye pou edikasyon espesyal yo pandan kou sou kontni debaz yo.
- Sous finansman yo pa klè pou modèl anplwaye ki solid, jou ak ane ki pwolonje, pwogram kolaboratè yo
- Egzijè yon pòtfolyo aprantisaj pou aplikasyon an ka reprezante yon obstak pou kèk nan elèv nou yo
- Demann otonomi pou enskripsyon an pa klè epi li t ap pèmèt gen chanjman kontini ki fèt san Distri oswa Kominote Lekòl la.
- Plan an pa dekri plan gradyasyon pou elèv ki aktyèlman enskri nan klas 10yèm, 11yèm ak 12yèm ane yo epi li mande pou gen otonomi nan domèn sa san li pa bay detay sou kisa k ap obligatwa.
- Modèl ki pwopoze a kreye yon filyè ki garanti pou Eliot, Warren Prescott ak Harvard Kent nan klas 7yèm, 8yèm ane. Sa reprezante anviwon 150 elèv epi li ase pou ranpli 2/3 lekòl la

Menas

- Plan an pa reponn ak bezwen elèv ki aktyèlman nan anviwònman ki pratikman separe yo nan CHS oswa nan 100 elèv ki nan anviwònman ki pratikman separe yo nan lekòl preparatwa yo pwopoze yo.
- Kalandriye pou aplikasyon an pa reyalizab
- Otonomi pa rapò ak tout politik BPS yo ka kreye yon responsablite jiridik pou Distri a
- Responsablite distri a pou tout kantite anplwaye ki depase nan CHS ke yo pa re-anboche
- Li pa klè si modèl ESL enstantane yo an konfli avèk egzijans DOJ yo pou elèv nou yo ki nan nivo ELD 1 ak 2 yo.
- Fiksasyon limit nan % nan Elèv ki Gen Andikap (SWD) yo (25% nan pwopozisyon an) te garanti % nan kantite enskripsyon an, epi li te garanti filyè yo opoze ak enskripsyon ki louvri yo epi yo ta ka gen gwo enpak sou lekòl yo.
- Pa gen prèv sou akò ki fèt avèk patnè ki pwopoze yo
- Elimine patenarya esansyèl yo san prèv klè sou rezon pou sa a

Rezime Kòmantè: Pou

Kantite Kòmantè Piblik Total

187

Kantite Kòmantè Piblik Total
POU

43

Rezime Kòmantè Adisyonèl (POU)

- Selon repondan yo, lekòl aktyèl la pa reponn ak bezwen kominote epi li dwe fè plis efò pou l reponn ak bezwen elèv yo. Enkyetid yo genyen aktyèlman sou:
 - Rezilta akademik
 - Mank opòtinite inovan
 - Pèsepsyon twa lekòl segondè ki "fezab" nan BPS
- Sipò pou yon lekòl segondè ki enklizif ki reponn ak bezwen elèv ki nan nivo junior ak elèv ki nan lekòl segondè nan katye Charlestown nan.
- Kominote a vle pou n prete plis atansyon ak preparasyon pou inivèsite ak karyè epi pwopozisyon sa reponn ak bezwen sa a.
- Fanmi yo vle pou gen opsyon lekòl kalite siperyè nan katye yo ansanm ak opsyon lekòl kalite siperyè ki pa admisyon espesyal.



Rezime Kòmantè: Kont

Kantite Kòmantè Piblik
Total

187

Kantite Kòmantè Piblik Total
KONT

130

Rezime Kòmantè Adisyonèl (Kont)

- Se pwofesè, elèv ak fanmi aktyèl yo ki fè pifò nan kòmantè yo. Manm kominote k ap viv Charlestown yo te fè mwens kòmantè epi yo te ekri pou bay opinyon yo:
- Anpil kòmantè te pran an konsiderasyon bagay ki dwe chanje/amelyore yo
- Sepandan, pa gen angajman avèk aksyonè aktyèl yo:
 - Pwofesè yo: Te mal reprezante oswa mal konprann kontèks aktyèl la
 - Pwofesè ak elèv yo: Pa t rive jwenn sipò aksyonè yo ka rele pou fè aplikasyon an (chanjman nan jesyon)
 - Pwofesè ak Fanmi yo: Pa t pran an konsiderasyon plan pou elèv ki nan CHS ak lekòl preparatwa ki nan plis nesosite yo
 - Pwofesè, Fanmi ak Elèv yo: Akò pou bagay ki dwe chanje/amelyore ansanm ak dispozisyon pou jwenn yon chimen pou ale vè lavan an kolaborasyon AVÈK kominote a men pa NAN kominote a.

Swit Rezime a

- Elèv ki aktyèlman nan CHS ki te reponn yo santi yo derespekte yo epi yo remake adilt yo pa pran kwayans ak panse yo an konsiderasyon
- Edikatè: Tantativ aksyonè nan yon lekòl fè pou l kapab "pran kontwòl" pou l benefisye fanmi/elèv ki soti nan milye ki plis privilejye yo.



Rezime Kòmantè: Net

Kantite Kòmantè Piblik Total

187

Kantite Kòmantè Piblik Total NET
(NI POU NI KONT)

14

Rezime Kòmantè Adisyonèl (NET)

- Kèk eleman ki enteresan (yo vle wè yo aplike kèk nan eleman yo) ansanm ak yon opòtinite ki rate pou angaje avèk kominote aktyèl la ak pou fè planifikasyon pou elèv aktyèl yo (pa egzanp, elèv ki nan pwogram SLIFE ak ASD yo)
- Plis refleksyon sou pwosesis admisyon an ak sou pakou ki garanti yo ki sanble vag defason entansyonèl yo
- Bwochi a gen ladan l kèk ide ki "gra e ki an gra" epi li fè ase silans sou aplikasyon ki si tèlman difisil pou evalye kijan sa pral rive a.

